



Pou Piblikasyon Imedya: 09/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SUNY AK UNIVERSITY OF PUERTO RICO DAKÒ
POU SENKAN KOLABORATION NAN SIYATI SOMOS LA**

SUNY ak UPR pral kreye patenarya sou estrateji siksè etidyan yo, rechèch, sante mantal, dirabilite ak lòt domèn

Ou ka jwenn foto siyati a [isit la](#)

Pandan Konferans SOMOS Puerto Rico 2023, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Rektè Inivèsite Eta New York la, John B. King, Jr., te rejwenn Vis Prezidan Afè Akademik ak Rechèch Inivèsite Pòtoriko (University of Puerto Rico, UPR) a Doktè Oreste Quesada, ki reprezante Prezidan Luis A. Ferrao Delgado, pou siyen yon kolaborasyon senkan ant sistèm yo sou priyorite pataje yo tankou siksè etidyan yo, rechèch, dirabilite ak mobilite sosyal.

"Patenarya istorik sa a ant SUNY ak Inivèsite Pòtoriko a se yon temwayaj vizyon pataje nou pou siksè etidyan yo ak angajman sivik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lyen ensepab ant New York ak Pòtoriko chita sou istwa jèn yo, epi anons jodi a afime angajman nou anvè pwochen jenerasyon lidè yo."

Kolaborasyon alontèm sa a pwolonje ak elaji yon akò ki te etabli ant SUNY ak UPR an 2018, epi li pral ankouraje kanpis SUNY yo travay dirèkteman ak lekòl UPR sou pwoblèm ke New York, Pòtoriko ak rejyon Karayib la ap fè fas, tankou:

- Siksè ak sipò etidyan yo;
- Rechèch syantifik kolaboratif;
- Etid sou jesyon dezaz, alèjman ak rezistans yo, enkli sante mantal nan ka dezaz;
- Kolaborasyon sou inisyativ dirabilite, ki gen ladan, men pa limite ak enèji renouvlab;
- Vizit manm pwofesè yo ak chèchè yo pou konferans, seminè, ak diskisyon;
- Kreye opòtinite pou mobilite pwofesè yo ak elèv yo;
- Devlopman pwogram doub lisans;
- Opòtinite aprantisaj aplike ak sèvis amelyore; ak
- Fabrikasyon avanse.

Prezidan University at Albany, Havidán Rodríguez, ak Prezidan SUNY ESF Joanie Mahoney rejwenn siyati a. Kanpis yo, ansanm ak SUNY New Paltz, prevwa eksplòre opòtinite kolaborasyon rechèch sou anviwònman, move tan ak sante mantal. Etidyan SUNY ESF Eva Sideris ak Isabel Valentín te patisipe tou nan siyati a ansanm ak elèv UPR yo Angel Rodriguez ak Daniel Fernández.

Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Kòm premye Chanselye Pòtoriken ak Afriken Ameriken SUNY, mwen onore pou reyafime angajman nou pou siksè etidyan ak rechèch nan Pòtoriko ak Eta New York nan anonse yon patenarya pwolonje ak University of Puerto Rico pandan konferans SOMOS la. Anplis lyen fanmi mwen, mwen te yon pwofesè nan lekòl segondè nan Pòtoriko nan debi karyè mwen. Se yon plezi pou m retounen, sitou kounye a, pou m travay ak UPR pou avanse opòtinite edikatif pou benefisyè elèv SUNY ak UPR yo."

Prezidan University of Puerto Rico a, Luis A. Ferrao Delgado, te deklare, "Inivèsite Eta New York (University of the State of New York, SUNY), te deja yon alye University of Puerto Rico pandan plizyè ane, epi nou te devlope anpil echanj ant elèv ki te bay eksperyans inik lakay jèn etidyan inivèsite nou yo. Yo te fè investigasyon nan gwo echèl tou. Avèk nouvo akò sa a nou santi nou ekstrèmman konfyan ke nou pral kontinye ofri elèv nou yo ak inivèsite nou yo pi bon eksperyans akademik ak rechèch, yon fason pou jenere chanjman pozitif ak transfòmasyon pou tout moun."

Prezidan University at Albany an, Havidán Rodríguez, te deklare, "Mwen pa t ap kote mwen ye jodi a san opòtinite edikatif mwen te resevwa lè m te timoun ak jèn gason nan Pòtoriko ak New York, epi mwen santi m enb kounye a pou m nan pozisyon pou m ranfòse patenarya ant UPR ak SUNY. Premye nominasyon pwofesoral mwen an se te nan University of Puerto Rico nan Mayagüez, epi mwen te fyè pou m kreye patenarya ak kòlèg UPR yo pandan Konferans RISE 2019 la pou analize konsekans siklòn Maria ak wòl edikasyon siperyè nan ogmante preparasyon ak rezistans kont chanjman klimatik. Mwen pa tann pou m bati sou travay sa a avèk Prezidan Ferrao epi pou m eksplòre fason enstitisyon nou yo kapab reyalize yon fason inovan pwomès yon diplòm kolèj ki ka chanje lavi yo pou elèv nou yo."

Prezidan SUNY ESF Joanie, Mahoney, te deklare, "ESF gen yon angajman depi lontan ak Pòtoriko, epi nou te wè pèsònèlman efè chanjman klimatik la ak enjistis anviwònmantal an sou teren an Atravè patenarya SUNY ak UPR, nou ankouraje nou sou opòtinite pou devlope plis pratik lokalman ki nesèsè men enpòtan globalman."

Etidyan SUNY ESF Isabel Valentín, te deklare, "Kòm yon gradye 2020 nan sistèm UPR la ak yon ansyen nan SUNY ESF, mwen ranpli ak eksitasyon sou Memorandòm Konpreyansyon (Memorandum of Understanding, MOU) ki te siyen yè a. Aksè piblik ak bon jan kalite edikasyon esansyèl pou ekipe vwa elèv yo ak fòme yon avni ki pi briyan ansanm. Sipò respwòk ant SUNY ak sistèm UPR la gen yon potansyèl san limit pou kreye opòtinite konkrè pou devlopman ak kwasans elèv yo. Mwen paka tann pou mwen kòmanse sa ki pwomèt yon patenarya pwodiktif ak dirab."

SUNY ESF ak UPR pral kolabore sou pwogram ak sèvis akademik ak rechèch konjwen ki konsantre sou jistis anviwònman, dirabilite ak chanjman klimatik. Patenarya sa a gen entansyon kreye opòtinite elaji pou pwofesè, elèv yo, anplwaye yo ak chèchè yo. Ansanm, de enstitisyon yo ap eksplòre kreyasyon pwogram ki: ankouraje siksè ak sipò elèv yo; konsantre sou etid sou jesyon dezaz ak etid mitigasyon dezaz; epi ofri opòtinite aprantisaj aplike ak sèvis amelyore.

Prezantasyon University Puerto Rico

University of Puerto Rico se prensipal sistèm inivèsite piblik nan Pòtoriko. Enstitisyon ki an gran pati nan lang espanyòl la gen 11 kanpis atravè zile a epi li gen apeprè 45,000 elèv ak 4,500 manm pwofesè yo.

Prezantasyon State University of New York

State University of New York, ki selebre 75èm anivèsè li ane sa a, se pi gwo sistèm edikasyon siperyè konplè nan peyi Etazini, epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè ap viv nan yon distans 48 km ak nenpòt nan 64 kolèj ak inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm nan, SUNY gen kat sant sante akademik, senk lopital, kat lekòl medikal, de lekòl dantè, yon lekòl dwa, pi ansyen lekòl maritim nan peyi a, sèl kolèj optometri eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini. An total, SUNY sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Depans pou rechèch yo nan tout sistèm nan te prèske 1.1 milya dola nan ane fiskal 2022 an, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsite se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite suny.edu.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)